


La Bib pou ti moun prézanté



Nesans legliz la



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.


Lè Jezi te mouri, konpayon li yo ki te pè t
ale kache. Apre rezirèksyon li, li te ale kote
disip li yo. Jezi te vivan ! Men, li te gen
plan pou l kite yo, pou li retounen nan syèl la
kote li te toujou ap viv avèk Bondye, Papa li.



Anvan Jezi te kite yo, li te pwomèt disip li yo li t ap voye Sentespri a ba yo pou l konsole yo ak pou l ede yo. (Jan 15:26). Tan an te pwòch. Yon ti tan apre Jezi te kite yo, Sentespri a te vin.


3

Men sa ki te rive. Te genyen anviwon 120 disip Jezi ki te reyini ansanm nan yon kay pou yo priye. Toudenkou, yon bri soti nan syèl la tankou yon gwo van k ap soufle.



4

Kèk lang ki te sanble ak lang dife te vin poze sou yo chak. Yo tout te ranpli ak Sentespri — jan Jezi te pwomèt li a !



5

Lè yo te soti nan lari a, disip Jezi yo t ape pale nan lang yo pa te janm aprann. Etranje ki t ap vizite Jerizalèm yo te tande y ap pale nan plizyè lang sou bèl mèvèy Bondye yo. Vizitè yo te etone. "Kòman nou tande yo ?" yo te mande. Gen lòt ki t ap pase yo nan rizib epi ki te di : "Yo sou ak diven dous."




6

Men, Pyè di : "Yo pa sou... se sa pwofèt Joèl te di..." Lè sa a, Pyè te raple yo plizyè lane anvan, Bondye te pwomèt Sentespri a t ap vini pou beni ak jide pèp la.



7

Pyè te di pèp la pou yo vire do bay peche yo epi pou yo batize nan non Jezikri. "Epi n ap resevwa kado (don) Sentespri a." Prèske 3,000 moun te obeyi. Yo te vin jwenn disip yo kòm adoratè Jezi. Tank tan t ap pase, plis moun t ap vin jwenn legliz la, ki te kòmanse jou Sentespri te vini an.



3000

8

Sentespri a te pote puisans li nan lavi pèp Bondye a. Yon jou, Pyè ak Jan te ale ansanm nan tanp lan nan lè lapriyè. Te gen yon nonm ki te enfim depi li te fèt ki te chita na papòt tanp lan. Li te mande Pyè ak Jan lajan.



9


Pyè di li : "Mwen pa genyen ni lajan ni lò, men sa m genyen an, m ap ba w li. Nan non Jezikri, nonm Nazarèt la, leve kanpe epi mache." Epi li te pran men dwat li, li leve l. Li voup li kanpe, epi li kòmanse mache. Li antre nan tanp lan avèk yo, li t ap mache, li t ap sote, li t ap fè lwanj Bondye.



10

Yon gwo foul moun te rasanble, yo te sezi wè mirak la. Pyè te di se te puisans Bondye, se pa te puisans pa li ki te geri nonm nan. Lè Pyè te raple Juif sa yo

Bondye te resisite Jezi, chèf tanp yo te arete Pyè ak Jan epi yo te mete yo nan prizon. Men, anviwon 5,000 gason te kwè nan Jezi.



11

Nan denmen, Pyè ak Jan te kanpe devan lidè pèp la.

"Pa ki pouvwa, oubyen nan non ki moun nou te fè sa ?" Lè sa a, Pyè, ranpli ak Sentespri, di yo : "Se nan non Jezikri, nonm Nazarèt la, moun nou te krisifye a, moun Bondye te resisite nan lanmò a, se li menm ki fè nonm sa a kanpe an sante devan nou an."



12

Pyè te kontinye san li pa pè, "Pa gen okenn lòt non anba syèl la nan mitan lèzòm ki ka sove nou." Kòm yo pa te vle pèp la kwè nan Jezi, sakrifikatè yo te trete Pyè ak Jan byen di. Yo te entèdi yo pale nan non Jezi.



13

Pyè te pè pale nan non Jezi yon lè. Men, se te anvan


Sentespri a te vini.

Kounye a pèsonn pa te kapab fè li pè. Pyè ak Jan te reponn : "Jije (tèt nou) si li jis nan je Bondye pou nou obeyi nou olye pou nou obeyi Bondye. Paske nou pa ta ka pa pale de sa nou te wè ak sa nou te tande."



14

Aprè lòt nouvo menas, yo te lage Pyè ak Jan. Fidèl sèvitè Bondye yo te rakonte kanmarad yo tout sa yo te di yo. Apre sa, yo tout te leve vwa yo ansanm bay Bondye. Yon lòt fwa ankò, Sentespri a te manifeste puisans li, epi legliz ki te fèk ap fèt la t ape grandi tkras pa tikras.



15

Nesans legliz la


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Travay Apot yo 1-4

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

16



55



60

17

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

18